



MassHealth

COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS



Manyèl pou kliyan- patwon PCA a

Pwogram edan nan swen
pèsonèl (PCA)



Manyèl sila founi enfòmasyon itil sou pwogram edan nan swen pèsònèl (PCA) la pou manm MassHealth e edan yo. Manm MassHealth ki resevwa sèvis MassHealth PCA rele "kliyan-patwon" e se pou yo chwazi yon ajans jesyon swen pèsònèl (personal care management, PCM). Ajans PCM ou chwazi a ap ba w plis enfòmasyon e fòmasyon sou kòman pou jere pwogram PCA a. Manyèl sa a disponib nan www.mass.gov/masshealth-personal-care-attendant-program.

TAB DÈMATYÈ

SEKSYON 1

Apèsi sou pwogram Edan nan swen pèsònèl MassHealth la . . . 7

Kisa pwogram MassHealth PCA a ye?	7
Kilès ki admisib nan pwogram PCA a?	8
Kisa yon edan nan swen pèsònèl ye?	9
Kisa yon ajans jesyon swen pèsònèl ye?	10
Kisa yon entèmedyè fiskal ye?	11

SEKSYON 2

Kòman pou jwenn sèvis MassHealth PCA 13

Ki kote pou m kòmanse?	13
Ki pwochen etap yo pou w resevwa sèvis PCA yo?	14
Kisa k ap rive si mwen pa dakò ak desizyon ajans PCM mwen an?	15
Kòman pou mwen fè apèl desizyon MassHealth?	16

SEKSYON 3

Jere sèvis PCA ou yo 17

Ki responsablite mwen kòm kliyan-patwon?	17
Kisa k ap rive si m bezwen èd pou jere pwogram PCA mwen an?	20
Kilès mwen ka anboche kòm PCA mwen an?	21
Kòman m ka anboche yon PCA?	22
Ki kalite travay PCA mwen an ka fè?	23
Konbyen è PCA mwen an ka travay chak semèn?	24

SEKSYON 4

Peman e benefis PCA yo. 26

Kilès ki peye PCA mwen an? 26

Kilès ki deside salè PCA mwen an? 27

Mizajou sou to salè e diferansyèl 27

Ki benefis PCA yo gen? 28

Lòt benefis apati Fon fòmasyon e anplwa

1199 SEIU a 28

Pwogram èd pou anplwaye. 29

SEKSYON 5

Verifikasyon elektwonik vizit (EVV) 30

Kisa verifikasyon elektwonik vizit ye? 30

Ki kèk egzansyon EVV ki genyen? 31

SEKSYON 6

Pwograme yon PCA pou è sipleman tè 33

Ki règ yo pou pwograme yon PCA fè è
travay sipleman tè? 33

Ki diferan kalite otorizasyon pou è sipleman tè yo? 34

Tanporè 34

Kontinuite swen yo. 34

SEKSYON 7

Pou èd sipleman tè e enfòmasyon 35

Kilès m ka telefonnen si m vle poze kesyon? 35

Remak 37



SEKSYON 1

Apèsi sou pwogram Edan nan swen pèsonèl MassHealth la

Kisa pwogram MassHealth PCA a ye?

Pwogram Edan nan swen pèsonèl (PCA) MassHealth la jere pa Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (EOHHS). EOHHS se ajans eta Massachusetts ki jere pwogram Medicaid Massachusetts lan ki rele MassHealth. Pwogram PCA a founi sèvis swen pèsonèl e sipò bay manm MassHealth ki admisib e ki gen andikap pèmanan oubyen kwonik. Pwogram lan peye pou sèvis PCA yo founi pou manm sa yo kenbe endepandans yo, rete nan komino65te a, e jere bezwen swen alontèm yo.

Manm MassHealth k ap resevwa sèvis PCA rele kliyan-patwon e se patwon anplwaye PCA a. Pwogram PCA a "oto-dirije," ki vle di se oumenm, kliyan-patwon an, ki jere pwogram lan. Si w pa ka jere pwogram lan poukont ou, ou ka swa gen yon ranplasan jere pwogram PCA a pou ou oubyen ou gen yon mandatè administratif pou ede w ak responsablite administratif yo tankou dokimantasyon yo.

W ap li plis sou ranplasan e mandatè administratif yo pi devan nan manyèl sa a.

Men kèk nan responsablite ou yo kòm kliyan-patwon.

- Rekrute, anboche, fòme, pwograme, e jere PCA ou yo.
- Mande otorizasyon pou PCA travay è sipleman, si gen bezwen
- Revoke PCA a lè sa nesesè
- Verifye e apwouve fèy è travay PCA yo nan sistèm verifikasyon elektwonik vizit yo (Electronic Visit Verification, EVV).
- Sipèvize PCA ou a e asire li konfòm ak règ e règlemantasyon MassHealth yo.

Pou ede fè pwogram PCA a fonksyone, MassHealth itilize yon entèmedyè fiskal (fiscal intermediary, FI) e yon ajans jesyon swen pèsònèl (personal care management agency, PCM). Yon FI se yon òganis ki okipe responsablite patwon an nan pwogram PCA a pou kliyan-patwon an. Yon ajans PCM ede w jere sèvis PCA ou yo. W ap jwenn plis enfòmasyon pi devan nan manyèl sa a sou kòman FI a e ajans PCM yo ede w jere pwogram PCA ou a.

Kilès ki admisib nan pwogram PCA a?

Ou gendwa kalifye pou pwogram PCA a si w gen MassHealth Standard oubyen CommonHealth, epi

- ou gen yon andikap kwonik oubyen pèmanan ki anpeche w pran swen tèt ou;
- ou bezwen èd fizik (pratik) nan omwen de aktivite nan lavi kotidyen (Activities of daily living, ADL); epi
- ou gen kapasite pou oto-dirije pwogram lan swa poukont ou oubyen avèk soutyen yon ranplasan oubyen mandatè administratif.

Kisa yon edan nan swen pèsònèl ye?

Yon **edan nan swen pèsònèl (personal care attendant, PCA)** se yon founisè nan MassHealth oumenm, kòm kliyan-patwon, angaje pou ede w fizikman fè sèten aktivite lavi kotidyen epi aktivite enstrimantal pou lavi kotidyen.

Aktivite lavi kotidyen (activities of daily living, ADL) kapab sa ki make annapre la.

- Mouvman e transfè
- Yon seri mouvman pasif
- Benyen
- Abiye
- Fè twalèt
- Manje
- Lòt bezwen ki konsène sante MassHealth apwouve

Aktivite enstrimantal nan lavi kotidyen (Instrumental activities of daily living, IADL) nesesè pou lavi

endepandan men pa esansyèl pou lavi kotidyen tankou ADL. IADL gen nan yo travay menajè tèlke fè lesiv, fè kous, fè menaj, preparasyon repa, transpò nan kabinè medikal, e lòt bezwen espesyal.

PCA yo se anplwaye kliyan-patwon an. PCA yo pa anplwaye Commonwealth of Massachusetts oubyen entèmedyè fiskal la. PCA yo se founisè MassHealth e yo dwe suiv tout lwa e règlemantasyon federal e eta yo ki konsène founisè MassHealth yo. MassHealth gen otorite pou sanksyonnen yon PCA, ki gendwa se revokasyon kòm yon founisè PCA si li pa suiv règ, règlemantasyon, estanda, e lwa pwogram lan.

Kisa yon ajans jesyon swen pèsònèl ye?

Yon **ajans jesyon swen pèsònèl (personal care management, PCM)** se yon òganis ki gen kontra ak MassHealth pou ede kliyan-patwon, ranplasan, e mandatè administratif fè aplikasyon pou e jere pwogram PCA a. Ajans PCM lan ap

- eksplike w règ pwogram PCA a, sa gen ladan responsablite ou gen kòm yon kliyan-patwon PCA;
- evalye kapasite w pou jere pwogram PCA a poukont ou;
- deside si w admisib pou sèvis PCA yo e voye demann pou otorizasyon alavans (apwobasyon) pou sèvis PCA yo bay MassHealth si w admisib;

- founi fòmasyon kontini pou ede w byen jere pwogram PCA a; e
- travay avèk ou pou tabli yon akò pou sèvis ki dekri wòl e responsablite ou yo, ansanm ak lòt moun ki ede w sèvi ak pwogram PCA a. (Akò pou sèvis la dwe gen yon plan sekou si PCA ou a ki pwograme regilyèman pa kapab oubyen pa disponib pou travay pou ou.

Ajans PCM ou an la pou ou si w vle poze kesyon, bezwen plis èd oubyen plis fòmasyon, oubyen si bezwen swen pèsònèl ou yo chanje e w bezwen mande pou yon revizyon sou è ki apwouve pou ou pa semèn. Pou jwenn yon lis konplè ajans PCM yo, monte nan www.mass.gov/info-details/personal-care-management-pcm-agency-list.

Kisa yon entèmedyè fiskal ye?


Yon **entèmedyè fiskal (fiscal intermediary, FI)** se yon òganizasyon avèk ki MassHealth gen kontra pou fè sèten fonksyon patwon egzijè e sèten tach administratif tou pou kliyan-patwon PCA.

FI a fè pou ou, kliyan-patwon PCA, tach patwon egzijè ki annapre yo.

- Resevwa epi trete fòmilè sou aktivite PCA (fèy è travay) ou revize, apwouve, e soumèt nan sistèm verifikasyon elektwonik vizit (Electronic Visit Verification, EVV).

- Emèt peman bay PCA ou yo
- Klase epi peye taks eta e federal ou yo, sa gen ladan pou chomaj e Konje familyal peye pou rezon medikal (Paid Family and Medical Leave, PFML)
- Jwenn asirans Konpansasyon pou aksidan nan travay (workers compensation) pou PCA ou yo
- Emèt W-2 pou PCA ou yo (yon W-2 se yon fòmilè taks patwon bay anplwaye yo chak ane e ki montre montan salè patwon an peye anplwaye a.)

FI gendwa trete tou demann pou verifikasyon Enfòmasyon sou dosye delenkan kriminel (Criminal Offender Record Information, CORI) epi/oubyen sou Rejis delenkan seksyèl (Sex Offender Registry Information, SORI) pou PCA ou yo si w chwazi fè youn.



SEKSYON 2

Kòman pou jwenn sèvis MassHealth PCA

Ki kote pou m kòmanse?

Pou w jwenn sèvis PCA, se pou w kontakte yon ajans PCM an premye. Ajans PCM lan evalye bezwen w pou sèvis PCA e, si w admisib, ajans PCM lan pral soumèt yon demann pou **otorizasyon alavans** (apwobasyon).

Pou jwenn yon lis ajans PCM yo, telefonnen tanpri Sèvis kliyan MassHealth nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711 oubyen monte nan

www.mass.gov/info-details/personal-care-management-pcm-agency-list.

ENPÒTAN: Si w enskri nan yon Senior Care Option (SCO), One Care, oubyen yon plan Program of All-inclusive Care for the Elderly (PACE), yon kowòdinatè nan founisè plan an ka ede w jwenn sèvis PCA yo. Kontakte tanpri plan ou an pou w jwenn plis enfòmasyon sou sa.

Ki pwochen etap yo pou w resevwa sèvis PCA yo?

Aprè w chwazi yon ajans PCM, men kòman pou resevwa sèvis PCA yo.

1. Ajans PCM lan kontakte w pou aprann ki kondisyon medikal ou genyen e ki swen pèsònèl ou bezwen. Yon antrenan nan konpetans pral vini lakay ou appren pou l ba w plis enfòmasyon sou pwogram lan epi evalye si w ka jere pwogram lan poukont ou oubyen w bezwen èd pou fè sa.
2. Si antrenè a deside sèvis PCA yo gendwa medikalman nesesè pou ou, ajans PCM lan pral travay avèk ou pou founisè medikal ou an siyen yon Fòmilè enfòmasyon jeneral founisè swen prensipal e pral apresya voye ekip evalyasyon an lakay ou. Ekip ki evalye w la gen yon enfimyè otorize (RN) oubyen yon enfimyè pratik lisansye (LPN) e yon ègoterapèt (OT). Yo deside kalite e kantite asistans fizik ou gendwa bezwen pou fè ADL e IADL ou yo. Si ekip la deside sèvis PCA yo pa medikalman nesesè, ajans PCM lan pral pale sou lòt resous pou ede w.
3. Si ekip evalyasyon an deside ou admisib pou sèvis PCA yo, se pou w revize epi siyen evalyasyon an anvan yo voye l bay MassHealth pou w ka konnen kisa ki nan demann lan. Ajans PCM ou an pral alò voye evalyasyon an bay MassHealth.


4. MassHealth pral revize evalyasyon an e l ap apwouve, modifiye, oubyen refize demann pou sèvis PCA yo. MassHealth pral enfòme w, ajans PCM ou an, e FI a sou desizyon li an. Si w apwouve pou sèvis PCA, MassHealth pral emèt otorizasyon alavans lan ki gen kantite è pou sèvis PCA ou otorize pou w resevwa.
5. Ajans PCM ou an pral travay avèk ou pou kreye yon akò pou sèvis. Akò pou sèvis la dekri wòl e responsablite kliyan-patwon an (oumenm), ranplasan oubyen mandatè administratif la (si genyen), PCA a, ajans jesyon swen pèsònèl (PCM) lan, e entèmedyè fiskal la (FI).
6. Yon fwa ou yon kliyan aktif PCA, ou pral resevwa yon anvlòp byenvini nan men FI a ki gen pwochen etap yo, ansanm ak direktiv sou kòman pou kòmanse itilize sistèm verifikasyon elektwonik vizit (EVV) a jan lwa federal e kondisyon pwogram lan egzije sa. Konnen tanpri ou pa ka planifye pou PCA ou a travay anvan dokimantasyon pou nouvo anbochaj la (NHP) fin ranpli.

Kisa k ap rive si mwen pa dakò ak desizyon ajans PCM mwen an?

Si w pa dakò ak rezilta premye evalyasyon antrenè nan konpetans PCM lan fè, se pou w kontakte ajans PCM lan epi pale avèk anplwaye ki te patisipe nan pran desizyon an.

Kòman pou mwen fè apèl desizyon MassHealth?

Ou gen dwa tou pou w fè apèl yon demann pou sèvis PCA MassHealth refize oubyen modifiye. Pou fè apèl yon desizyon, se pou w suiv etap ki make sou paj sa a: www.mass.gov/how-to/how-to-appeal-a-masshealth-decision. Ou ka telefonnen sant Sèvis kliyan MassHealth la tou pou w jwenn èd nan nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY: 711.



SEKSYON 3

Jere sèvis PCA ou yo

Ki responsablite mwen kòm kliyan-patwon?

Pwogram PCA a se yon pwogram ki oto-dirije. Sa vle di se oumenm ki patwon PCA ou yo. Ou jere pwogram PCA a poukont ou oubyen avèk yon ranplasan oubyen mandatè administratif, si w bezwen youn. (Wòl sa yo dekri pi devan nan manyèl sila).

Kòm kliyan-patwon PCA, ou gen dwa e responsablite presi ki dekri nan akò pou sèvis ou a ak nan règlemantasyon pwogram PCA a. Ajans PCM ou an pral pale sa avèk ou pandan premye evalyasyon ou an. Ajans PCM ou an pral pataje tou enfòmasyon sou règ e règlemantasyon MassHealth PCA.

Responsablite w kòm kliyan-patwon nan pwogram MassHealth PCA a gen ladan

- rankontre ak yon antrenè nan konpetans ajans PCM ou an omwen chak twa mwa pandan premye ane ou nan pwogram PCA a e chak ane apresya;
- kowopere avèk ajans PCM ou an pandan premye evalyasyon ou an, rey evalyasyon, lòt evalyasyon e lòt moman lè fòmasyon konpetans nesèsè;
- suiv règleman pwogram lan e lòt lwa e règlemantasyon leta epi federal;
- rekrute, anboche, e si sa nesèsè, revoke, PCA ou yo (ou gendwa anboche youn oubyen plis PCA jan sa nesèsè pou satisfè bezwen ou yo);
- asire PCA ou yo suiv Oryantasyon pou nouvo anplwaye (NHO) yo sou twa mwa apre dat yo angaje a;
- idantifye yon PCA de sekou k ap disponib si PCA ou a pa ta disponib pou l founi w sèvis;
- fòme PCA ou yo sou règ pwogram PCA a;
- Eksplike PCA ou yo woutin jounalye ou pou swen pèsònèl e aprann PCA ou yo kòman pou ede w fè woutin sa yo.
- planifye pou PCA ou yo sèlman travay pou kantite èdtan MassHealth otorize;

- mande otorizasyon pou è sipleman, si l nesèsè, anvan w mande pou PCA ou a travay plis pase 50 èdtan an total nan yon semèn (pou tout kliyan li yo). Si PCA ou a travay pou yon lòt kliyan-patwon, se pou w konnen ki kantite èdtan l ap travay pou lòt kliyan an pou w ka detèmine si w bezwen mande pou yon otorizasyon alavans pou è sipleman.
- asire PCA ou a/yo sèlman founi sipò pou ADL oubyen IADL ki apwouve nan otorizasyon alavans lan e ki evalye pandan evalasyon ou an;
- asire PCA ou a soumèt fòmilè aktivite ki kòrèk e alè ki montre lè li travay yo;
- verifye, korije (si l nesèsè), e apwouve lè PCA ou a travay;
- ranpli e voye tout dokiman FI egziye yo, sa gen ladan è aktivite (fèy è travay) EVV PCA yo ki apwouve e (si nesèsè) fòmilè aktivite PCA yo lè peryòd pèy la fini dekwa pou garanti PCA ou yo peye alè, dapre lwa travay yo. Nan apwouve fòmilè aktivite lasemèn yo oubyen fèy è travay PCA ou yo, ou sètifye PCA ou yo travay lè ki site yo.
- Mete ajou PCM lan e FI a pou tout chanjman nan adrès postal ou a, adrès lakay ou*, imèl ou, oubyen nimewo telefòn ou (* adrès kay ou se kote ou rete pi plis la);
- Ranpri dokiman revokasyon an si PCA ou a pa travay pou ou ankò oubyen li mouri; epi

- rete an kontak regilye avèk ajans PCM ou an ki gen ladan reponn PCM ou a nan yon delè apwopriye si PCM lan ap eseye kontakte w.

Kisa k ap rive si m bezwen èd pou jere pwogram PCA mwen an?

MassHealth egzije pou ajans PCM ou an evalye kapasite w pou jere pwogram PCA a poukont ou epi revize evalyasyon sa a peryodikman. Si ajans PCM lan deside ou bezwen èd jere pwogram PCA ou a, ou dwe jwenn yon ranplasan oubyen yon mandatè administratif sou 30 jou. Yon ranplasan oubyen yon mandatè administratif se yon pòs volontè.

- Yon **ranplasan** se yon moun ou chwazi ki dakò pou l fè sèten nan tach jesyon PCA ou yo. Sa gendwa yon pati oubyen tout responsablite ou yo kòm yon kliyan-patwon PCA. Yon ranplasan dwe la lè ajans PCM lan evalye w pou sèvis PCA yo.
- Yon **mandatè administratif** se yon moun ou chwazi ki dakò pou l responsab pou l fè sèten tach administratif. Mandatè administratif la ka sèlman fè fonksyon administratif, tèlke ranpli dokimantasyon e lòt tach administratif ki konsène jesyon pwogram PCA a.

Depi w chwazi ranplasan oubyen mandatè administratif ou a, ajans PCM ou a ap garanti yo ka ede w jere pwogram PCA ou a. Note tanpri, ranplasan oubyen mandatè administratif ou a pa kapab PCA ou.

Si w oblije gen yon ranplasan oubyen yon mandatè administratif an plas men w pa chwazi youn, ajans PCM ou an gendwa refere w bay MassHealth pou revokasyon e w gendwa pa ka patisipe nan pwogram PCA a. Kontakte tanpri ajans PCM ou an si w bezwen èd pou w jwenn yon ranplasan oubyen yon mandatè administratif.

Kilès mwen ka anboche kòm PCA mwen an?

Kòm se yon pwogram oto-dirije, pwogram PCA a ba w, kliyan-patwon an, fleksibilite e kontwòl sou kilès ou anboche kòm yon PCA. Ajans PCM ou an pral montre w kòman pou w rekrite, fòme, e pwograme PCA ou a.

PCA ou a dwe

- gen omwen 16 an;
- gen otorizasyon legal pou l travay nan peyi Etazini Damerik epi gen yon nimewo sekirite sosyal ki valab;
- ka konprann epi suiv direktiv ou bay;
- gen fòm fizik pou l fè tach li anboche pou l fè pou ou kòm kliyan-patwon an;

- dakò pou l itilize sistèm verifikasyon elektwonik vizit (Electronic Verification Visit, EVV) a; epi
- dakò pou resevwa fòmasyon e sipèvizyon nan tout tach PCA yo nan men w, kòm kliyan-patwon an.

Yon PCA pa kapab

- epou/epouz legal ou a;
- paran oubyen paran dakèy (si kliyan-patwon an se yon minè);
- ranplasan oubyen mandatè administratif; oubyen
- fanmi ki responsab legalman (fanmi ki se yon responsab legal)

Kòman m ka anboche yon PCA?

An vigè sezon prentan 2026, kliyan-patwon yo dwe ranpli tout fòmilè pou nouvo anplwaye (New Hire Paperwork, NHP) pou pèmèt yon PCA anboche epi peye. Gen nan NHP a dokiman sa yo:

- Federal Employee Withholding Certificate (Fòm W-4)
- Massachusetts Employee's Withholding Exemption Certificate (Form M-4) (si l nesèsè)
- Fòm I-9 pou verifye admisiblite pou travay
- Kopi dokiman otorizasyon pou PCA a travay*
- Akò kliyan an

- Akò e atestasyon founisè PCA a
- Enfòmasyon pou depo dirèk
- Fòmilè pou kontakte founisè PCA a

* Yon PCA dwe gen otorizasyon legal pou l travay nan peyi Etazini Damerik. Kliyan-patwon yo dwe ranpli yon Fòm I-9 federal pou verifye admisiblite pou travay epi soumèt kopi dokimantasyon pou verifye admisiblite pou travay PCA a bay FI.

Ki kalite travay PCA mwen an ka fè?

PCA ou a ka founi asistans pratik pou fè tach MassHealth apwouve e ki make nan evalyasyon ou an. Tach sa yo gen ladan ede ak ADL e ka gen ladan IADL. PCA a ka ede w ak tach sa yo lakay ou e nan kominote a. Ajans PCM ou an pral ba ou yon kopi evalyasyon PCA ou a ki ranpli e li pral travay ak ou pou deside ki tach PCA ou a ka ede w fè.

Konnen tanpri: Yon PCA pa ka founi oubyen resevwa peman pou travay ki fèt pandan w lopital oubyen nan yon etablisman swen enfimye, pandan w lekòl, oubyen pandan w enskri nan yon pwogram sante lajounen pou adilt oubyen abilitasyon lajounen MassHealth finanse. Epiou, si w nan swen akèy pou adilt oubyen nan swen akèy an gwoup pou adilt oubyen w ap viv nan yon mezon repo oubyen rezidans an gwoup, alò ou pa ka resevwa sèvis PCA.

PCA yo gen pou yo fè yon Oryantasyon pou nouvo anplwaye (New Hire Orientation, NHO) pou PCA sou twa mwa apre dat yo anboche a. PCA yo pa admisib pou yo resevwa yon ogmantasyon nan salè jiskaske yo fini NHO a.

Konbyen è PCA mwen an ka travay chak semèn?

Lè w apwouve pou sèvis PCA, Masshealth voye ba ou yon lèt ki gen kantite è travay pa semèn ou ka pwograme PCA ou yo pou yo founi w sèvis PCA. Sa rele **otorizasyon alavans (prior authorization, PA)** e li gen yon dat li kòmanse e yon dat li fini.

PCA ou a pa dwe travay plis pase kantite èdtan ki apwouve pa semèn e ka sèlman travay lè w gen yon PA aktif ki an vigè. Epitou, PCA yo pa ka travay plis pase 66 è pa semèn o total an kontan è ki travay pou lòt kliyan-patwon e se pou yo suiv kondisyon e règlemantasyon è sipleman tè yo.

Ajans PCM ou a ka montre w kòman pou pwograme PCA ou yo konfòmman ak règ pwogram lan, dapre bezwen ou yo. Men règ enpòtan sou pwogram PCA a.

- Yon PCA pa dwe travay plis pase kantite è kliyan-patwon an apwouve pou l genyen.
- Yon PCA gendwa travay sèlman si yon kliyan-patwon gen yon PA aktif an vigè. Yon PCA p ap resevwa peman si pa gen yon PA ki an vigè.
- Yon PCA dwe ranpli tout dokimantasyon pou nouvo anbochaj e yon nimewo idantifikasyon PCA (PCA ID) entèmedyè fiskal la (FI) emèt anvan li pwograme pou l travay.
- Kliyan-patwon yo dwe rezidan pèmanan Massachusetts pou yo resevwa sèvis PCA.
- Yon PCA pa ka founi sèvis PCA pou yon kliyan-patwon ki andeyò peyi Etaziini Damerik e teritwa li yo.



SEKSYON 4

Peman e benefis PCA yo

Kilès ki peye PCA mwen an?

Entèmedyè fiskal (fiscal intermediary, FI) la trete fèy èdtan travay pou pèy pou è PCA ou a founi sèvis PCA MassHealth kouvri. Oumenm e PCA ou a ap mete è travay yo sou yon fèy è travay nan yon sistèm sou entènèt ki rele EVV k ap eksplike pi devan nan manyèl la.

Pou yon PCA peye, tout dokiman nouvo anbochaj dwe ranpli. Epitou, se pou w voye fèy è travay ki ranpli e korèk pou travay ki fèt. Depo dirèk chèk pemam obligatwa pou tout PCA yo. Si PCA ou a pa gen aksè nan yon enstitisyon bankè oubyen finansyè, li ka mande FI a pou yon kat debi kote chèk peman li a ka depoze.

Konnen tanpri : Anvan w pwograme pou yon PCA kòmanse travay, e pou evite gen pwoblèm nan peman PCA yo, oumenm kòm kliyan-patwon an fèt pou w gen yon PA ki gen è PCA ki rete ladan.

Kilès ki deside salè PCA mwen an?

To salè pa è a detèmine nan akò konvansyon kolektif (collective bargaining agreement, CBA) ant 1199SEIU (sendika ki reprezante PCA yo) e konsèy mendèv nan swen kalite adomisil PCA (ki reprezante kliyan-patwon PCA yo nan konvansyon kolektif la.

Mizajou sou to salè e diferansyèl

To salè yo mete ajou selon orè CBA a.

- PCA yo peye selon yon to ansyènte gradyèl ki baze sou kantite è total yon PCA travay depi lane 2008.
- Apat mwa janvyè 2026, PCA ki travay pou kliyan-patwon ki gen yon otorizasyon alavans aktif pou swen konplèks nan men MassHealth pral resevwa yon to peman ki pi wo (ki rele yon “**diferansyèl**”) pou tout è travay pou swen konplèks kliyan-patwon.

Konnen tanpri: PCA ki dwe, men ki pa fè NHO a, pa admisib pou yo resevwa ogmantasyon nan salè yo. Yo p ap resevwa tou okenn pèy diferansyèl pi devan, sa gen ladan to pou ansyènte e diferansyèl nan salè poutèt swen konplèks, jiskaske NHO a konplete.

Ki benefis PCA yo gen?

PCA k ap travay aktivman pou yon kliyan-patwon gendwa kalifye pou benefis ki annapre la yo.

- Konje peye ki merite (sa gen ladan konje maladi)
- Sis jou ferye peye
- Asirans chomaj
- Asirans konpansasyon pou aksidan nan travay
- Konje familyal peye pou rezon medikal (PFML)

Lòt benefis apati Fon fòmasyon e anplwa 1199 SEIU a

Aprè douz mwa anplwa ki omwen nan tan pasyèl, PCA yo admisib pou

- bon eskolè inivèsité; epi
- pwogram È enfimyè sètifye


Pou plis enfòmasyon sou benefis sa yo, monte nan <https://www.1199seiubenefits.org/>.

Pwogram èd pou anplwaye

MassHealth gen yon kontra avèk yon administratè tyè pou founi benefis **Pwogram èd pou anplwaye (Employee Assistance Program, EAP)** pou tout PCA yo. Gen nan benefis EAP yo

- twa sesyon konsèy sou sante konpòtmantal fasafas (oubyen, nan telefòn oubyen videyo lè demann lan fèt pou sa) avèk yon pwofesyonèl swen mantal lisansye;
- yon sesyon konsèy legal endividyalize, pou chak pwoblèm;
- yon konsiltasyon sou finans pandan 60 minit, sa gen ladan pwograme retrèt, pou chak pwoblèm; epi
- resous pou balans ant travay e lavi prive ki gen ladan aksè nan yon rezo referans konplè ki founi referans, lè demann lan fèt, pou anpil diferan sijè sou travay e lavi prive.

Pou plis enfòmasyon sou PCA EAP la, monte nan <https://tempusunlimited.org/eap-employee-assistance-program/>.



SEKSYON 5

Verifikasyon elektwonik vizit (EVV)

Kisa verifikasyon elektwonik vizit ye?

Verifikasyon elektwonik vizit (Electronic Visit Verification, EVV) se yon sistèm anliy ki anrejistre è travay pou verifye elektwonikman PCA yo founi sèvis ki faktire yo. EVV se yon egzijans federal pou sèvis swen pèsonèl adomisil e sèvis sante adomisil Medicaid finanse, ki gen ladan sèvis PCA yo.

Kliyan-patwon e PCA yo dwe sèvi ak sistèm EVV a pou yo ka fè pati pwogram MassHealth PCA a, amwenske PCA a ap viv ak kliyan-patwon an oubyen gen yon enkyetman sou sekirite. Egzansyon sa yo dekri nan seksyon sa a.

Anvan itilizasyon EVV, w ap resevwa yon anvlòp demaraj EVV nan men FI. Gen nan anvlòp sa a

- dat EVV ou a kòmanse;
- kòman pou patisipe nan fòmasyon pou EVV;

- kòman pou mande pou yon egzansyon EVV; epi
- kòman pou itilize yon bon dacha pou yon aparèy.

Ajans PCM ou a ka ede ni oumenm ni ranplasan oubyen mandatè administratif ou a (si w gen youn) konfigire EVV a. FI a ka ede PCA ou a konfigire EVV a.

Sistèm EVV a gen de pati ladan l.

- **App EVV a.** Se metòd PCA yo itilize pou anrejistre a ki lè yo kòmanse epi fini chak peryòd travay. App la dwe telechaje sou yon aparèy entelijan, tèlke yon smartphone oubyen yon tablèt.
- **Pòtay EVV a.** Kliyan-patwon (e ranplasan oubyen mandatè administratif si genyen) itilize pòtay la pou revize, apwouve, e soumèt èdtan PCA yo a bay FI pou peman. Pòtay EVV a se yon sit entènèt ou ka wè sou tout aparèy ki gen aksè entènèt .


Ki kèk egzansyon EVV ki genyen?

- **Egzansyon pou PCA rezidan.** PCA yo ki viv an pèmanans avèk kliyan-patwon an pa oblije sèvi ak EVV. Egzansyon pou PCA rezidan dwe renouvle chak lane.
- **Egzansyon nan sekirite.** Sa aplike pou kliyan-patwon e PCA yo ki gen enkyetman sou asèlman enpòtan e aktif, vyolans nan kay, rapousuiv, oubyen enkyetman sou sekirite ki bezwen yon entèvansyon ofisyèl.

Objektif egzansyon nan sekirite EVV a se pou pwoteje konfidansyalite adrès kliyan-patwon an nan youn nan sitiyasyon ki annapre la yo.

- **Pwoteksyon aktif otorize oubyen anba òdonans ofisyèl** tèlke yon òdonans restriktif oubyen yon òdonans sanblab yon tribinal emèt tèlke yon òdonans pou asèlman, oubyen lòt sèvis pwoteksyon otorize pou yon deziyasyon ofisyèl pou konfidansyalite.
- **Patisipasyon aktif nan pwogram konfidansyalite adrès yo** atravè Secretary of the Commonwealth.

Gen plis enfòmasyon sou egzansyon yo nan anvlòp demaraj EVV ou a. Ou ka jwenn anpil diferan sipò EVV e resous nan <https://tempusunlimited.org/evv/>.



SEKSYON 6

Pwograme yon PCA pou è sipleman tè

Ki règ yo pou pwograme yon PCA fè è travay sipleman tè?

Kliyan-patwon yo pa ka pwograme yon PCA endividyèl travay plis pase 50 è pa semèn. Si w vle pou yon PCA endividyèl travay plis pase 50 è pa semèn, se pou w gen yon **otorizasyon pou è sipleman tè (overtime, OT)** nan men MassHealth anvan ou pwograme pou PCA ou a travay. Dapre règlemantasyon pwogram lan, PCA yo pa ka travay plis pase 66 è pa semèn o total, sa gen ladan tou è li travay pou lòt kliyan-patwon. Ajans PCM ou an ka ede w ak pwosesis sa a.

Mande yon otorizasyon pou PCA ou yo travay plis pase 50 è pa semèn dwe rive sèlman lè sa nesesè e dapre règlemantasyon pwogram lan e politik è sipleman tè a. Ou ka anboche tou lòt PCA pou ede w olye pou w mande pou yon PCA kouvri è sa yo.

ENPÒTAN: Limit è pa semèn lan gen ladan è yon PCA endividyèl travay pou ou, ansanm ak pou lòt kliyan-patwon yo. Si yon PCA travay plis pase 50 è pa semèn pou ou e pou lòt kliyan-patwon, oumenm ak tout lòt kliyan-patwon yo k ap pwograme PCA sa a dwe gen yon otorizasyon pou è siplemanntè (overtime, OT). **Konnen PCA yo pa ka travay plis pase 66 è pa semèn o total.**

Ki diferan kalite otorizasyon pou è siplemanntè yo?

Tanporè

Yon otorizasyon tanporè dire pou jouk 12 semèn apre dat otorizasyon an kòmanse e demann lan kapab fè lè ou (kliyan-patwon an) gen yon bezwen tanporè pou pwograme yon PCA endividyèl travay plis pase 50 è e pou jouk 66 è pa semèn.

Kontinuite swen yo

Ou gendwa mande pou yon otorizasyon pou kontinuite swen si w gen yon bezwen alontèm ki mande pou yon PCA travay plis pase èdtan ki otorize pa semèn yo, men pa plis pase 66 è pa semèn, pou ka mentni kontinuite swen yo. Yonfwa MassHealth bay otorizasyon, otorizasyon an ap fini lè otorizasyon alavans lan pou sèvis PCA yo fini.



SEKSYON 7

Pou èd siplemanntè e enfòmasyon

Kilès m ka telefonnen si m vle poze kesyon?

Telefonnen ajans PCM ou an si w

- vle wè si w admisib pou pwogram PCA a;
- anboche oubyen revoke yon PCA, oubyen si PCA ou a bay demisyon l;
- gen kesyon sou evalyasyon ou an oubyen reevalyasyon ou an;
- gen kesyon sou otorizasyon alavans ou an;
- gen yon chanjman nan kondisyon medikal ou a;
- vle mande pou otorizasyon alavans pou è siplemanntè;
- gen yon PCA ki pwograme pou obligasyon jiri (jury duty) nan menm lè li pwograme pou l travay pou ou;
- gen difikilte jere pwogram PCA a;

- pa konprann responsablite ou yo kòm yon kliyan-patwon yon PCA.
- gen kesyon sou règ pwogram PCA a;
- gen kesyon sou EVV;
- bezwen fòmasyon siplemantè; oubyen
- gen kesyon sou kòman pou rekrute, anboche, oubyen revoke oubyen pwograme PCA yo.

Telefonnen FI ou a si w

- bezwen èd soumèt aktivite PCA nan EVV oubyen nan lòt mwayen;
- bezwen dokiman nouvo anbochaj yon PCA oubyen lòt dokiman;
- anboche oubyen revoke yon PCA, oubyen PCA ou a bay demisyon l;
- gen chanjman nan adrès (ou chanje kay, oubyen PCA ou a chanje kay);
- dwe founi oubyen mete ajou yon imèl;
- kwè PCA ou a pa t peye korèkteman;
- dwe korije yon fòmilè aktivite ou soumèt; oubyen
- gen lòt kesyon sou pèy.

Remak

Remak

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....



